

Дэтхэнэ сабийми хуэсакъыу

2-нэ нап.

И щапхъэщ хабзэм зэрыщIапIыкIам

3-нэ нап.

Насыпым и лъахэ

4-нэ нап.

ГъэщIэгъуэну, нэгузыужьу, гукъинэжу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№67 (24.973) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

ЩIыналъэ бюджетыр зэрагъэзащIэр

Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и комиссэм видео зэпыщIэныгъэкIэ «Экономикэмрэ финансхэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ конференц иригъэкIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэ бюджетыр зэрагъэзащIэм. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр сом мелард 72,7-рэ мэхъу. Мэкъуауэгъуэм 1-м ирихьэлIэу абы щыщу сом мелард 29,4-рэ (процент 40,5-р) къагъэсэбэпащ, ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, процент 109,05-кIэ ягъэзэщIащ.

Республикэ бюджетым налогымрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэмрэ къапэкIуэ и хэхъуэр сом мелард 1,2-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, процент 113-рэ мэхъу республикэ бюджетыр къызэрагъэсэбэпыр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэр. Нэхъыщхьэу а мылъкур зытекIуэдар япэ игъэщыпхъэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэрщ, псалъэм папщIэ улахуэм, социальнэ ахъшэхэм, хущхъуэкIэ, ерыскъыкIэ къызэгъэпэщыным, фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм.

Мыгувэу къагъэсэбэпынущ

КIэрыхубжьэрыху быдэхэр дэшыным пыщIа щIыналъэ операторым къищэхуа техникэхэр зыхуэдэм еплъащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. А лэжьыгъэр зэрызэфIагъэкIыну техникэ хэхауэ 9 къащэхуащ.

«АХЭР мыгувэу къагъэсэбэпу хуежьэнущ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, нэхъ пасэу къащэхуауэ щытащ кIэрыхубжьэрыху инхэр дэшыным хуэщIа бункеровози 10. Апхуэдэуи мыгувэу къытIэрыхьэну дыпоплъэ пхъэнкIий зэрыIуаш машинэщIэу 11», - щитхащ республикэм и унафэщIым Максым щиIэ напэкIуэцIым.

ЦIыхугъэншагъэхэм къыпащэ

ЗезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэр «Москва - Симферополь» автобусым дыгъуасэ пщэдджыжьым еуащ ар Енакиевэ къалэм деж нэсауэ.

ЗЭКIЭ къызэратамкIэ, абдежым мамыр цIыхуу 7 щыхэкIуэдащ, 11-р уIэгъэ хъуащ.

«Киев и щIэпхъаджащIэхэм пащэ зыкIи бгъэзахуэ мыхъун террорист цIыхугъэншагъэхэр лэжьыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми си щхьэми къыдбгъэдэкIыу сахуогузавэ а къэхъукъащIэ нэщхъеягъуэм зи Iыхьлы, благъэ хэкIуэдахэм. Фэбжь хэзыхахэр икIэщIыпIэкIэ узыншэ хъужыну ди гуапэщ», - щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Максым щиIэ напэкIуэцIым.

Дзэ-хэкупсэ зыгъэсэныгъэхэр

Ди республикэм мы махуэхэм щаублащ дзэ-хэкупсэ зыгъэсэныгъэхэр. Махуитхукlэ екIуэкIыну зэхыхьэхэм хэтынущ ныбжьыщIэ минитхум щIигъу.

НАЛШЫКРЭ Тэрч районымрэ Iуэхум щыхухаха щIыпIэхэм щокIуэкI еджэныгъэхэр. Абыхэм хэтщ класс нэхъыжьхэм щIэс школакIуэхэмрэ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм я студентхэмрэ. Зэхуэсхэм хэт ныбжьыщIэхэм зэфIэкI хэхарэ пэщIэдзэ щIэныгъэрэ зрагъэгъуэтынущ дзэ IуэхумкIэ. Апхуэдэу гупу лэжьыгъэ зэдэщIэнымрэ дэIэпыкъуэгъу зэхуэхъунымри хуагъэсэнущ.

УнэтIакIуэхэм я гъэсэнхэр къыхураджэ хахуагъэм, хэкупсэу щытыным. Абыхэм я нэIэм щIэту зэхуэсым хэт ныбжьыщIэхэр хурагъаджэ дзэ Iуэхум ехьэлIахэм, хэкупсэ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтщ, зезыгъакIуэр зэрымыс аппаратхэр гъэлъэтэным хуагъасэ. Апхуэдэу абыхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэт щIыпIэ мыцIыхум щымыгъуэщэным, къызэрымыкIуэ щытыкIэ ихуэмэ, абы къызэрикIыфыным, япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ и щхьэми и гъусэми зэрыритыфыным ехьэлIауэ.

Зи щIалэгъуэхэм апхуэдэ зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ егъэгъуэтыным жыджэру хэтщ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр. Абыхэм ныбжьыщIэхэр хуагъасэ пщэрылъ къыщащI къалэныр жэуаплыныгъэ зыхащIэу зэрызэфIэхыпхъэм, гупым хэт дэтхэнэми набдзэгубдзаплъэу зэрыхущытыпхъэм.

Апхуэдэу щIэблэм гурэ псэкIэ зыхрагъащIэ щалъхуа щIыналъэм, зыщыщ къэралым и къэкIуэнумкIэ жэуап зэрахьыр, абы и тхыдэм, и хъумакIуэхэм пщIэ яхуэщIын зэрыхуейр.

ЗэкIуий Анзор псоми ятокIуэ

Кэнжэ къуажэм дэт «Вымпел» спорт комплексым «PWL Нальчик 74» фIэщыгъэр зэрихьэу махуитIкIэ щекIуэкIащ бэнакIуэхэм я профессиональнэ лигэм хэтхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы кърихьэлIащ США-м, Тыркум, Румынием, Венгрием, Египетым, Къыргъызстаным, Таджикистаным, Азербайджаным, Къэзахъстаным, Узбекистаным я спортсменхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР хуэунэтIауэ щытащ килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж бэнакIуэхэм я профессиональнэ лигэм и бгырыпхыр зезыхьэ, Олимп джэгухэм я чемпион Сидаков Заурбэч ар къыIэщIахын щхьэкIэ, абы хуэзэнур зэхэгъэкIыным икIи апхуэдэ щIыхьым щIэбэнащ спортсмен 16.

Зэхьэзэхуэм и етIуанэ махуэм Спортакадемием щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар яхуэзащ икIи псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ къызэгъэпэщакIуэхэмрэ спортсменхэмрэ.

«ФIыщIэ ин яхузощI зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм икIи щхьэхуэу и гугъу сщIынут УФ-м Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил, щIыналъэм спортым зыщегъэужьыным и нэIэ зэрытригъэтым, зэрызащIигъакъуэм щхьэкIэ.

ХьэщIагъэкIэ сыт щыгъуи фIы Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм гуапэу къыщезгъэблэгъащ къытхуэкIуахэмрэ зэхьэзэхуэм хэтынухэмрэ.

Республикэм и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэзагъым хагъэхъуэнымкIэ, абыхэм заужьынымкIэ IэмалыфI дыдэщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм хэт бэнакIуэхэм якIэлъыплъыныр, абыхэм я опытыр зрагъэщIэныр, апхуэдэуи бэнэкIэмкIэ спорт еджапIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ - абы адэкIи зиужьынымкIэ шэсыпIэфIщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, зэхуэсым кърихьэлIахэм защыхуигъазэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIыр хьэщIэхэм ехъуэхъуащ ди республикэм зэрыщыIа зэманыр гукъинэж ящыхъуну, нэхъыщхьэжращи - зэIущIэ дахэхэр къагъэлъэгъуэну, пэжу икIи ерыщу зэпэщIэтыну, нэхъ лъэщ дыдэри абы щытекIуэну.

Зэпеуэхэм щIадзэн ипэ къихуэу журналистхэм яIущIащ къызэгъэпэщакIуэхэмрэ спортсменхэмрэ. Абы къыщыпсэлъащ УФ-м Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм и менеджер нэхъыщхьэ, бэнакIуэхэм я профессиональнэ лигэм и унафэщI-гъэзэщIакIуэ Федоров Юрий.

«Си гуапэщ профессиональнэ лигэм и зэхьэзэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщедгъэкIуэкIыр, ар щызэхэтыну «Вымпел» спорт комплексыр сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэпэщыр. Дыхуейщ алыдж-урым бэнэкIэм и дахагъэхэр спортым дихьэххэм едгъэлъагъуну. Утыкум къитшэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэхэу а спорт лIэужьыгъуэмкIэ къэралым щыпашэхэм яхэтхэри», - жиIащ Федоровым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIыну зэIущIэм и мыхьэнэр къыхигъэщу къэпсэльащ Олимп джэгухэм я чемпион, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат.

«ФIыщIэ ин яхузощI зэхьэзэхуэм кърихьэлIа хьэщIэхэм, псом хуэмыдэу, щIыпIэ жыжьэ къикIахэм, США-м и командэри яхэту. Абы къегъэлъагъуэ спортыр зэрыгъунапкъэншэр, цIыхухэр зэрызэпищIэр, зэныбжьэгъугъэр зэригъэбыдэр.

Профессиональнэ лигэм и япэ зэхьэзэхуэхэр Каспий тенджызым и Iуфэм, Дагъыстэным, иужькIэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щекIуэкIащ, иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ. Республикэм и цIыхухэри спорт зэгухьэныгъэхэри абы пэплъащ къахуэмыгъэсу. Шэч къытесхьэркъым ар псоми гукъинэж зэращыхъунум», - къыхигъэщащ Къардэн Мурат.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуапхэр щратыжым спортсменхэми къыхагъэщащ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ сыт щыгъуи япэ зэрырагъэщыр, нэмыплъ Iуэхум къызэрыхамыгъэхьэр. Апхуэдэуи жаIащ зэIущIэхэр гугъуу зэрыщытынур икIи текIуэныгъэм щхьэкIэ яхузэфIэкI зыми къызэрамыгъэнэнур.

ГъэщIэгъуэну икIи гуащIэу екIуэкIа зэIущIэхэм я кIэух Iыхьэм щызэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ ЗэкIуий Анзоррэ США-м щыщ спортсмен Вебстер Кэннонрэ икIи зэпеуэм и бжыгъэр 4:3-уэ ди щIалэр текIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, Iэмал игъуэтащ БэнакIуэхэм я профессиональнэ лигэм и бгырыпхым щхьэкIэ Сидаков Заурбэч хуэзэну.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, осетин щIалэм ар щызыIэригъэхьауэ щытащ мы гъэм гъатхэпэм Ташкент щекIуэкIа мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм. Абы щыгъуэ Сидаковым бгырыпхыр къыIэщIигъэкIащ дуней псом и чемпион япон бэнакIуэ Такахаши Кота.

ЗэрытщIэжщи, Ярыгиным и Кубокыр къэхьыным теухуауэ Красноярск къалэм дызэрыт илъэсым и пэщIэдзэм щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм ЗэкIуий Анзор осетин щIалэр щыхигъэщIауэ щытащ. Иджы дыщыгугъынщ иджыри абы къытригъэзэжынум.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Iуэхугъуэ 15-м нэблагъэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ мэкъуауэгъуэм и 2-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуэ 15-м нэблагъэм щыхэплъащ. Депутатхэм хабзэхэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэху къащтам къищынэмыщIа, зэIущIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2026 гъэм и япэ мазищым зэрагъэзэщIамрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным ехьэлIауэ 2025 гъэм зэфIагъэкIамрэ.

ДЕПУТАТХЭР арэзы техъуащ «КъБР-м щIыпIэ унафэр зехьэным ехьэлIа Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым (КъБР-м и Iэтащхьэм къыхилъхьащ), Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ теухуа щIыналъэ законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ къызэщIикъуэжащ щIыналъэ бюджетыр 2025 гъэм зэрагъэзэщIар, КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Зурьят - IуэхущIапIэм къехъулIар. Депутатхэм даIыгъащ законопроектитIри.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм арэзы щытехъуащ «КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 38-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «КъБР-м хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн» КъБР-м и законхэм я проектхэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм теухуауэ» КъБР-м и Законым халъхьэну къагъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр теухуат ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэм и къулыкъум зы цIыхур пIалъитIым щIигъукIэ хахыжыну зэрыхуитым. КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур жиIащ «Урысей Федерацэм ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм теухуауэ» Федеральнэ законым апхуэдэ гъунапкъэхэр зэрыщымыгъэувам къыхэкIыу зэхъуэкIыныгъэхэр къызэрыхалъхьар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Ди къуэш республикэхэм

Кремлым и уардэунэм

АДЫГЕЙ. **Иджырей гъуазджэм зегъэужьынымкIэ «Шпаргалка» муниципальнэ центрым и уэрэджыIакIуэхэр хэхуащ «ЩIым и макъ нэхъыфI» дунейпсо сабий зэпеуэм, - къитащ Мейкъуапэ ЩэнхабзэмкIэ и управленэм.**

IУЭХУР щекIуэкIащ Кремлым и уардэунэм. НэхъыфIхэр къыщыхахым хэтащ Урысеймрэ гъунэгъу къэралхэмрэ я артист ныбжьыщIэу 800-м щIигъу. Ар махуи 8-кIэ екIуэкIри, нэхъ лъэщу 20-р гранд-финалым хэхуащ.

- Ди республикэм щыщ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр, я артистыгъэр Iэтауэ Москва зэрыщагъэлъэгъуам гушхуэныгъэ къытхелъхьэ, - къыщыхагъэщащ управленэм.

Къулыкъухэр хуагъэфащэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Кругляков Русланрэ Хьэткъуэ Муратрэ къулыкъу кърatащ. Ахэр хэтащ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид блэкIа илъэсым и мазаем къыхилъхьа «Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыхъужьхэр» программэм.**

НЭХЪАПЭКIЭ абы япэу хэтауэ къулыкъум пэрагъэуващ ЛIыхъужьыгъэм и орденыр щэнейрэ зыхуагъэфэща, СВО-м хэта подполковник Магомедов Рустам. Ар и унафэщI хъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и тхыдэм щыяпэ, СКГА-м къыщызэIуаха, Урысейм и ЛIыхъужь Ботэщ Къэнэмэт и цIэр зезыхьэ Дзэ еджапIэ центрым.

Апхуэдэуи кадр программэм хэта Кругляков Руслан Черкесск газыр IуэхущIапIэхэм яхуэутIыпщынымкIэ и къудамэм IэнатIэ щратащ, Хьэткъуэ Мурат республикэм Промышленностымрэ энергетикэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ.

Мыгувэу къулыкъум пэрагъэувэнущ а программэм хэтхэу, егъэджэныгъэм пхыкIахэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Iуэхугъуэ 15-м нэблагъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Депутатхэм къащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхылъ плъыжьым теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ къэкIыгъэ, псэущхьэ гъуэтыгъуейхэмрэ кIуэдыжынкIэ шынагъуэ зиIэхэмрэ яхъумэн папщIэ, «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 60-м тету УФ-м и Тхылъ плъыжьымрэ къэралым и щIыналъэхэм я Тхылъ плъыжьхэмрэ зэрагъэбелджылыр, икIи абыхэм ихуа лIэужьыгъуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ ящIыну е зэран хуэхъуну зыри зэрыхуимытыр.

- 2026 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ къару ягъуэт зи гугъу тщIы законым и Iыхьэ 60-м и гуэдзэнхэм. Ахэр зытеухуар Тхылъ плъыжьым иратха къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ къаугъуеину зэрыхуимытырщ (дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм къищынэмыщIа). А Iуэхугъуэхэм деж Тхылъ плъыжьым иратха къэкIыгъэхэмрэ Iэгъэбэгухэмрэ зэхуэхьэсыныр УФ-м и Правительствэм игъэува хабзэм тету ирагъэкIуэкIынущ, щIыналъэхэм я Тхылъ плъыжьхэм ихуа псэущхьэхэр къэугъуеиныр - УФ-м Псэущхьэхэр хъумэнымрэ къэгъэсэбэпынымкIэ, Бдзэжьей ещэнымрэ псы хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымкIэ и хабзэхэм япкъ иткIэ. Ар ди тегъэщIапIэу, «КъБР-м и Тхылъ плъыжьым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 6-р щIэрыщIэу къыхыдолъхьэ, абы иратхэхэр «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIауэ» Федеральнэ законым тету хъумэныр къыщыгъэлъэгъуауэ, - жиIащ къэпсэлъам.

2026 гъэм и япэ мазищыр зэрагъэзэщIам тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм и хэхъуэхэр псори зэхэту сом мелард 17,5-рэ хъуащ. Абы щыщу налог хэхъуэхэм къыпэкIуащ сом меларди 4,4-рэ. ЩIыналъэм нэгъуэщI и хэхъуэхэр сом мелард 1,2-рэ мэхъу (сом мелуан 249-кIэ нэхъыбэщ). Республикэм нэгъуэщI и хэхъуэхэр зи гугъу ящI пIалъэм сом мелард 1,2-рэ хъуащ, щIыналъэм пшынын хуэмейуэ къыIэрыхьэ ахъшэр - сом мелард 11,8-рэ. Республикэм къигъэсэбэпащ сом мелард 15,3-рэ. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэмрэ сом мелард 11,2-рэ трагъэкIуэдащ (ар къагъэсэбэпам и процент 73-рэ мэхъу). Абы щыщу цIыхухэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным сом мелард 1,6-рэ хухахащ (дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуным - сом мелуан 735-рэ хэту). Муниципальнэ щIыналъэхэм сом меларди 4,5-рэ иратащ, улахуэкIэ къызэгъэпэщыным сом меларди 2,9-рэ текIуэдащ. Мылажьэхэм я медицинэ страхованэм - сом мелард 1,4-рэ, хущхъуэхэр къэщэхуным сом мелуан 428-рэ хуагъэкIуащ.

- 2026 гъэм и япэ мазищым и кIэм республикэм и къэрал щIыхуэр сом меларди 4,6-рэ мэхъу, ар илъэсым ипэм елъытауэ сом мелуан 604,4-кIэ нэхъ мащIэщ, - жиIащ министрым. - УФ-м и Правительствэм и Унафэр гъэзэщIэным хыхьэу, бюджет кредит щхьэхуэхэмкIэ щIыхуэр ттратхыкIыжащ. КъэбгъэлъагъуэмэI, 2025 - 2026 гъэхэм апхуэдэу сом меларди 4-м щIигъу щIыхуэу щIыналъэм хуагъэгъуащ, а ахъшэм и нэхъыбэр дзэ Iуэху хэхам зэрызыщIэдгъакъуэ Iэмалхэм, апхуэдэуи жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымрэ лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэнымрэ хуэдутIыпщащ.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентымрэ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советымрэ - Хасэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ ягъэхьэзыра зэгурыIуэныгъэм.

КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис нэгъабэрей лэжьыгъэр къыщызэщIикъуэжым жиIащ республикэм щыпсэухэм Iуэхугъуэ 724-кIэ зыкъызэрыхуагъэзар. 374-р уголовнэ, граждан, административнэ Iуэхухэм теухуауэ щытащ, 116-р – дзэм къулыкъу щищIэну зэрыраджэм, зауэлIхэр къэлъыхъуэным, къэхъукъащIэхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжыным епха гугъуехьхэм, 108-р - унагъуэм и хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэмрэ, 19-р - егъэджэныгъэмрэ анэдэлъхубзэмрэ епха хуитыныгъэхэр къызэрызэпаудымрэ, 13-р - щIы Iыхьэхэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм.

- Зыкъызэрытхуагъазэм и бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар идопх мы зэманым дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIым. ЦIыхухэм зыхащIыкI икIи фIыуэ къагуроIуэ къэралым иджыпсту къалэнышхуэ и пщэ зэрыдэлъыр, - къыхигъэщащ Зумакуловым. - Къапщтэмэ, 2025 гъэм ныкъусаныгъэшхуэ зыпылъ Iуэху дрихьэлIакъым. Ди IуэхущIапIэм апхуэдэуи защIегъакъуэ гугъуехь пэщIэхуахэми. Дауи, Iуэхугъуэ щхьэхуэщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэныр. ДэIэпыкъуэгъу дахуохъу Урысей Федерацэм и щIыналъэщIэхэр IэмалыншагъэкIэ зыбгына цIыхухэми. Абыхэм къабгъэдэкIыу 2025 гъэм зэрызыхуагъазэ 176-рэ къытIэрыхьащ. Ахэр теухуат зи хъыбар ямыщIэ я Iыхьлыхэр къагъуэтыжынымкIэ, зауэлIхэр здэщыIэ щIыпIэр гъэбелджылынымкIэ, гъэрыпIэм ихуахэр къиишыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъуфынум. Абыхэм я IуэхукIэ тхыгъэ 39-рэ дгъэхьэзыращ, зэрыхъукIэ дэтхэнэми дыдоIэпыкъу. Къыхэгъэщын хуейщ нэгъабэ адэ-анэхэм я лъэIукIэ зауэлI 18-м ветераным и тхылъыр къахудэхынымкIэ зэрызащIэдгъэкъуари. ЦIыхухэм дзыхь къызэрыдагъэзыр ди гуапэщ икIи абыхэм я хуитыныгъэхэр тхъумэным сыт щыгъуи дыхущIэкъунущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

Урысейм лъэпкъ куэду зэхэс и цIыхубэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэуныр, щэнхабзэм, бзэм, хабзэм зегъэужьыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я Iулыджыр къэIэтыныр нобэрей зэманым къалэн къытщищIхэм ящыщщ.

АР КЪАЛЪЫТЭРИ, «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтыр ягъэуващ икIи ар екIурэещхьу ирагъэкIуэкI УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым, Лъэпкъ IуэхухэмкIэ Федеральнэ агентствэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм, Москва и Правительствэм.

Урысейпсо саугъэтыр зылъысынур – щIыналъэ, кIэлъыкIуэу федеральнэ зэпеуэм къыщыхах. Абы хэтщ Урысей Федерацэм и хэгъэгу 85-м щыщу цIыху 500-м щIигъу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, илъэс кIуам къэрал псом къикIыу къызэгъэпэщакIуэхэм лъэIу 750-рэ къаIэрыхьащ икIи щIыналъэхэм щыщ цIыху щыпкъэу 12-р «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» урысейпсо саугъэтым и лауреат хъуащ.

Мы саугъэтымкIэ я мурад нэхъыщхьэр къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщIа хъуныр зи пщэ нэхъыбэу дэлъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм нэхъри зегъэубгъуныращ; лъэпкъ щэнхабзэхэр хъума хъунымкIэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хэкум илъынымкIэ Урысейм и дэтхэнэ зы цIыхуми жэуаплыныгъэ зэрихьыр иджыри зэ игу къэгъэкIыжыныращ, тегъэгушхуэныращ. «Лъэпкъыр зэрыгушхуэ» саугъэтыр урысей псэкупсэ - щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымкIэ къэрал политикэм лъабжьэ хуэхъу Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къалъытащ икIи 2024 - 2026 гъэхэм абы ехьэлIа дауэдапщэхэр къэралым щIэхщIэхыурэ щокIуэкI.

Зэпеуэм хэт хъунущ къэрал лъэпкъ политикэм ехьэлIа проектхэр зыгъэзащIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ фейдэ къегъэщIыным пымыщIа зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, волонтёр зэщIэхъееныгъэхэм хэтхэр, анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ проектхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIахэр, журналистхэр, блогерхэр, цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэр, лъэпкъым къыдекIуэкI хьэрычэт Iуэху къызэзыгъэпэщахэр, творческэ гупхэмрэ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэмрэ.

Саугъэтыр унэтIыныгъи 7-м щыпашэу къалъытэхэм хуагъэфащэ: Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм хуэлэжьэн, Урысейм и лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр, Урысейм и лъэпкъхэм я щэнхабзэ, Лъэпкъыбэ Урысейр медиам, Этно-Iуэхугъуэ нэхъыфIхэр, Пашэ гуащIафIэ, Акъыл зыбгъэдэлъ щIэблэ (Поколение УМ).

2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам ипкъ иткIэ, саугъэтым мы гъэм хагъэхьащ – «Зэкъуэтыныгъэм и къару» зыфIащар.

Пашэ хъуахэр щагъэлъэпIэнур Москващ, ауэ федеральнэ щIыналъэхэм щекIуэкIыну Iыхьэхэм крикIуахэм ятеухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щекIуэкIынущ Липецк, Новгород, Киров, Челябинск, Новосибирск, Сахалин обласхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Кърым республикэхэм.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщыну Iыхьэр мы гъэм дзыхь зыхуащIар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэрщ. Абы щытекIуахэр 2026 гъэм жэпуэгъуэм и 8 - 9 махуэхэм Налшык къалэ къыщрагъэблэгъэнущ. Ди гъунэгъу хэгъэгухэм щыщу зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIхэм я зэфIэкIыр къапщытэнущ «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм я унафэщIхэр зыхэт гупым.

Фызыпэрыт Iуэхур лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм зыгуэркIэ сэбэп хуэхъумэ, утыку къифхьэ, къэрал псом яхуэфIуатэ!

ФокIадэм и 1 пщIондэ фи тхылъхэр евгъэхь хъунущ: https://гордость-нации.рф/». УпщIэ фиIэмэ, «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм жэуап щывгъуэтынущ - +7 (938) 079-65-14.

ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу зыхуагъазэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и IуэхущIапIэм лъэIукIэ зыхуэзыгъэзахэм яIущIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий. Республикэм и цIыхухэм партым зыкъыхуагъэзащ я псэуныгъэр егъэфIэкIуэным, узыншагъэр зэфIагъэувэжыным текIуэдэну ахъшэ зэрамыIэм, лэжьыгъэ Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми теухуауэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыхухэм яIущIэным ипэ къиихуэу Щхьэгуэшым жэуап иритащ журналистхэм я упщIэхэм. Ахэр теухуат цIыхухэр къызытекIухь щхьэусыгъуэхэм, зыбжанэрэ зыдэIэпыкъуахэм я гъащIэр зэрызэтеувам, къэралым щекIуэкIыну политикэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм – хэхыныгъэхэм.

- ЦIыхухэм я псэуныгъэм теухуауэ зыкъытхуагъазэ щIэх-щIэхыурэ. Ноби дыщIызэIущIэр ди цIыхухэм защIэдгъэкъуэну, дадэIэпыкъуну, мурадхэр ящIыным тедгъэгушхуэну, гуапагъэ гуэр зыхедгъэщIэну аращ. Пэжым ухуеймэ, Iуэху зыкъомыр онлайн жыпхъэм тету зэфIыдогъэкIыф. Интернет зэпыщIэныгъэм апхуэдэ IэмалыфIыр къыдет. Ауэ щыхъукIи, мыпхуэдэу цIыхухэм дахуэзэным, гулъытэ яхуэтщIыным, депсэлъэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ахэр зыгъэгузавэр, я Iуэху зытетыр, я хэкIыпIэншагъэр зэрызыхэтщIэр ялъагъумэ, Iуэхуу зызрапщытхэм нэхъ тегушхуэу си гугъэщ.

Нобэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу зыкъытхуэзыгъэзахэр цIыхуипщI мэхъу. Узыншагъэ, псэуныгъэ Iуэхум ехьэлIащ я лъэIухэр. ТелефонкIэ е видеозэпыщIэныгъэкIэ махуэ къэс Iуэхухэр зэфIэдгъэкI пэтми, мыпхуэдэ ди зэIущIэхэр зэрыхъукIэ нэхъыбэ тщIыну дыхуейщ. «Онлайну зызэрыныпхуэдгъэзэфыр хъарзынэщ, итIани, дыпIущIэу дынопсэлъэну дыхуейт» жаIэ языныкъуэхэм. Зыкъытхуэзыгъазэхэм къахокI етIуанэу, ещанэу дызыдэIэпыкъу. Псалъэм папщIэ, я лъэIур узыншагъэ Iуэхум теухуамэ, абыхэм ди гупэр яхуэгъэзащи, дгъэщIэхъуркъым.

Экономикэ, спорт, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, гъуазджэ Iуэхугъуэхэм теухуауэ нэгъуэщI республикэхэм зедгъапщэмэ, гу лъыдотэ ди деж зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыщыщыIэм. Республикэм и унафэщIхэм ягъэбелджылыфащ экономикэм зегъэужьыным тещIыхьа бгъэдыхьэкIэ тэмэм, - жиIащ Щхьэгуэшым.

Мыгувэу къэралым щекIуэкIыну хэхыныгъэхэми тепсэлъыхьащ депутатыр. КъызэрыхигъэщамкIэ, политикэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм хэтынущ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щызыщIэ куэд.

- ЩIыналъэ зыкъомым щыщщ дзэ Iуэху хэхам хэту депутат хъуну хуейуэ зыкъэзыгъэлъагъуэхэр. Абыхэм сцIыхухэри яхэтщ, сыту жыпIэмэ, дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм я деж дыщыкIуэкIэ, я Iуэху зытетым дыщIэупщIэ хабзэщ. Депутат хъуну хуейхэр хэти Урысейм и ЛIыхъужьщ, хэти а зэпэщIэувэныгъэм хахуэу хэтщ, хэти дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэзыгъакъуэ волонтёрхэщ. Депутатхэм я иужьрей зэхуэсыгъуэм къриубыдэу унафи 150-рэ къащтащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ятеухуауэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ абы и IуэхукIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и республикэ къудамэр лъэщу зэрылажьэри. Мыбдеж Iуэхур зытетыр дзэ Iуэху хэхам гугъу щехьахэм, зи узыншагъэ щекIэкIуахэм, лIыгъэщIапIэ щихуахэм ядэIэпыкъуным и закъуэкъым. Нэхъыщхьэжыр дзэ Iуэху хэхам зи бэшэчагъэрэ лIыгъэрэ ипсыхьахэм, зи хэку лъагъуныгъэр къэзыгъэлъэгъуахэм IуэхуфIкIэ уащыгугъ зэрыхъунур жылагъуэм гурыбгъэIуэныращ,- жиIащ Щхьэгуэшым.

ШабзэкIэ уэнымкIэ Урысейм и гуп къыхэхам хэт КIыщ Ахьмэд «Урысей зэкъуэт» партым зыхуигъэзащ лэжьыгъэ IуэхукIэ. ЩIалэм и узыншагъэм сэкъат иIэ пэтми, илъэс 13 хъуауэ шабзэкIэ уэнымкIэ спортым зыхуегъасэ, зэпымыууэ зэпеуэхэм макIуэ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрегъэхьэ. Ахьмэд Къэрал Думэм и депутатым жриIащ и ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэр, иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьар, Урысейм и апхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэм зэрыхэтар. Мы зэманым ар КъБКъУ-м и студентщ, прикладной математикэмкIэ къудамэм и ещанэ курсым щоджэ. Ахьмэд жиIащ сайт зэхэгъэувэным зэрыхищIыкIыр, апхуэдэу игъэзэщIа зы лэжьыгъэм университетым щезыгъаджэхэр къызэрыщытхъуар икIи прикладной математикэ, информатикэ Iуэхум тещIыхьауэ лэжьыгъэ IэнатIэ иIэным зэрыщIэхъуэпсыр. Щхьэгуэш Адэлбий щIалэм жриIащ пщIэкIэ сайт зэхригъэувэу еплъыну зэрыхуейр, унэм щIэсу игъэзэщIэн лэжьыгъэ къызэрыхузэрагъэпэщынур.

Ныкъуэдыкъуагъ зиIэ зы бзылъхугъэм Щхьэгуэш Адэлбий зыхуигъэзащ мылъкукIэ къыдэIэпыкъуну. Абы и унагъуэм зришэлIэжащ я благъэ цIыхубз ныкъуэдыкъуэр икIи абы кIэлъыплъыным, медицинэ IуэхутхьэбзэхэI хуэщIэным текIуадэ мылъкур яхуримыкъуж хъуащ, министерствэм хуигъэува дэIэпыкъуныгъэри къомэщIэкI. Щхьэгуэш Адэлбий зыкъыхуэзыгъэзам фIыщIэ хуищIащ езым и узыншагъэр мыщIагъуэ пэтми, и благъэм гущIэгъу зэрыхуищIым, абы и Iуэхум зэрытезэкIуэхьым папщIэ. ИкIэщIыпIэкIэ зи гугъу ищIа дэIэпыкъуныгъэр зэрыIэрыхьэнури жриIащ.

НэгъуэщI зы цIыхухъу «Урысей зэкъуэтым» и егъэблэгъапIэм кIуащ, и узыншагъэм зэрыригъэIэзэну ахъшэ къратыну щIэлъэIуу. Ар илъэс ипэ Москва узыншагъэ IуэхукIэ щыIащ, медицинэ IуэхутхьэбзэуI къыхуащIахэр сэбэп къыхуэхъуащ. Мы махуэхэм тригъэзэн хуейщ. Абыи Щхьэгуэшым жриIащ и лъэIур зэрыхуагъэзэщIэнур, и узыншагъэр ефIэкIуэжынуи ехъуэхъуащ.

Щхьэгуэш Адэлбий гуапэу яIущIащ гуныкъуэгъуэ яIэу зыкъыхуэзыгъэзахэм. Дэтхэнэ лъэIури зэхищIыкIащ, хэкIыпIэу щыIэхэр къигъэлъэгъуащ, чэнджэщ яритащ.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

● Гу зылъытапхъэ

«МедиаПоле» зэхьэзэхуэм и етIуанэ пIалъэр къызэIуах

Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм СМИ-м щылажьэхэмрэ блогерхэмрэ папщIэ зэхиубла, къуажэм теухуа хъыбарегъащIэ проектхэм ятеухуа «МедиаПоле» зэхьэзэхуэм хэтынухэм я лъэIу тхылъхэр къыIахын щIадзакIэщ.

САУГЪЭТЫР къэхьыным хуэгъэпса зэпеуэр ирагъэкIуэкI «Къуажэхэм нэгъэсауэ зегъэужьын» программэм ипкъ иткIэ. Абы и плъапIэ нэхъыщхьэщ Урысейм и къуажэхэм щекIуэкI гъащIэм тетхыхьхэм я зэфIэкIыр къигъэнэIуэныр, абыхэм защIигъэкъуэныр.

«МедиаПоле» лъэпкъ зэхьэзэхуэм хэтыну хуитщ УФ-м и цIыхухэу илъэс 18 ирикъуахэр – автор щхьэхуэхэр, блогерхэр, студентхэр, IэщIагъэлI щIалэхэр, СМИ-м и лэжьакIуэхэр, журналистхэр, хъыбарегъэщIапIэ зэзыгъэпэщахэр. ЛъэIу тхылъхэр фокIадэм и 30-м Iахын щагъэтынущ.

Медиа IуэхущIапIэхэм я къэпщытакIуэ нэхъыфIхэр зыхэтыну жюрим зэхьэзэхуахэм ящыщу цIыхуи 120-рэ къыхахынущ. КIэух зэпеуэм нэсахэр жэпуэгъуэм махуитIкIэ екIуэкIыну программэм хагъэхьэнущ икIи къэралым медиа IуэхущIапIэ нэхъыщхьэу итхэм яшэнущ. ТекIуахэм ахъшэ саугъэт къызэрыратынум нэмыщI, я проектхэр ягъэкIуэтэну Iэмал яIэнущ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и тыгъэхэр къыхуагъэфэщэнущ. Саугъэт мылъкур сом мелуани 5-м нос.

ЛъэIу тхылъ езыгъэхьынухэм зэпеуэм хабзэкIэ хухаха медиаполе.рф интернет хэщIапIэм зыщIэупщIэну псоми и жэуап щагъуэтынущ. Ардыдэр щахузэфIэкIынущ зэхьэзэхуэм и цIэр зэрихьэу МАКС, ВКонтакте хъыбарегъэщIапIэхэм ит напэкIуэцIхэм.

Дэтхэнэ сабийми хуэсакъыу

Илъэс къэс хабзэфI хъуауэ, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гулъытэ хуащI гугъуехь пэщIэхуа сабийхэм.

ДЕПУТАТХЭР щыIащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм сабийхэм я узыншагъэр щызэтрагъэувэж и центрым, Балигъ мыхъуахэм папщIэ «Нэмыс» республикэ IуэхущIапIэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм Прохладнэм щиIэ сабий унэ-интернатым, зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэна сабийхэмрэ папщIэ школ-интернат № 5-м (Нартан къуажэ), КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и школ-интернат № 2-м (Приближнэ жылэ), зи узыншагъэр мыщIагъуэ сабийхэм спортым и IэмалымкIэ къыщеIэзэ школым.

Депутатхэр ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ, тыгъэхэр хуахьащ. КъищынэмыщIауэ, IуэхущIапIэхэм ахъшэкIэ зыщIагъэкъуащ, ахэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къащэхун папщIэ. ХьэщIэхэм зыщагъэгъуэзащ я гъэсэнхэм я псэукIэм, зэрырагъаджэм, я зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Дунейм щыхъыбархэр

И щхьэхуэныгъэр фIэкIуэдынуми

«Арменией и Правительствэм и УнафэщI Пашинян Никол я къэралыр Евросоюзым и зы Iыхьэ хъун папщIэ хузэфIэкI къигъанэркъым. УпщIэ къоув: сыт хуэдэ мурадхэр уиIэми, сыт хуэдэ къалэнхэр зыфIэбгъэкIми пэжагъ хэлъу жыпIэ мыхъуну ара?» - щыжиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав «Россия 24» телеканалым и журналистым ирита интервьюм.

Володиным къызэрыхигъэщамкIэ, зы лъэныкъуэкIэ Евросоюзым зэрыхыхьэным теухуа унафэр къащтам ещхьщ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ – ЕАЭС-м къыхэнэжыну, Урысейм хуаIэ зэхущытыкIэхэм къыпащэну хуейуэ къагъэлъагъуэ. УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым жиIащ илъэс куэд хъуауэ Урысейр Арменией, абы и цIыхухэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур, энергоресурсхэр Европэм зэрырищэм нэхърэ плIыкIэ нэхъ пуду зэрыритыр.

«Арменияр ЕС-м хыхьэмэ, Украинэм хуэдэу, и щхьэхуэныгъэр фIэкIуэдынущ. Мис ар, дауи, жагъуэ пщымыхъуу къанэркъым. Арменией и унафэщIхэм къэралыр щыхупIэм хуашэ. Дэ зэхущытыкIэ пэжхэм, зэIухахэм, дауи, лъэныкъуитIми я фейдэ зыхэлъ зэдэлэжьэныгъэм дрителъхьэщ. Зэныбжьэгъугъэм зэхуэгъэкIуэтэныгъэ хэлъын хуейщ», - дыщIигъуащ Володин Вячеслав и псалъэхэм.

Мэкъуауэгъуэм и 4, *махуэку*

♦Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦1943 гъэм Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIур.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 5, *мэрем*

♦Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и дунейпсо махуэщ

♦1926 гъэм къалъхуащ журналист, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым мэкъумэшымкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта **Бекъан Чыланий**.

♦1930 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ **Хъунэгу Нуриет**.

♦1939 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей**.

♦1943 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, публицист **Бещтокъуэ Хьэбас**.

♦1949 гъэм къалъхуащ радиожурналист **Къудей Лидэ**.

♦1960 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор **Мамбэт Мурадин**.

♦1967 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ФиIэпщэ Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 25-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 24-рэ: 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 24-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3739-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Саугъэтхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ хуагъэфащэ

КъБР-м щыIэ МВД-м щагъэлъэпIащ сабийхэм творчествэмкIэ я урысейпсо зэпеуэм, «Полицейский дядя Стёпа» фIэщыгъэр зезыхьэм, и республикэ Iыхьэм щытекIуахэр.

САУГЪЭТХЭМРЭ фэеплъ тыгъэхэмрэ текIуахэм IэщIалъхьащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ Бахъуэ Аслъэнрэ ведомствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Русланрэ.

«Полицейский дядя Стёпа»-р - ар зэхьэзэхуэ къудейкъым. АтIэ, ди ныбжьыщIэ лъапIэхэ, полицэм и лэжьыгъэр зищIысыр нэхъыфIу къэфщIэнымкIэ, ди къулыкъум мыхьэнэшхуэ зэриIэмрэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъымрэ къывгурыIуэнымкIэ Iэмалщ. Абы фэ екIуу фыпэлъэщащ! Фи лэжьыгъэхэм къыхощ хабзэм и хъумакIуэхэм тIиягъ къызэрыддэфлъагъум и мызакъуэу, гуапагъэ зыхэлъ дэIэпыкъуэгъухэу, сыт хуэдэ дакъикъэми щIэгъэкъуэн дыхъуну дыхьэзыру къэвгъэлъэгъуащ», - жиIащ Бахъуэ Аслъэн.

Зэпеуэм къагъэхьат республикэм и щIыпIэ псоми къикIа лэжьыгъэ 30-м щIигъу. Абыхэм хэплъэри, я ныбжь елъытауэ текIуахэр ягъэнэIуащ.

Илъэси 6 - 8-м хиубыдэхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Тырныауз къалэм и лицей №1-м щеджэ Джубуев Али-СултIан.

Сэрмакъ къуажэм и курыт еджапIэм щыщ БатI Дисанэ и IэдакъэщIэкIыр илъэси 9 - 11 ныбжьым итхэм я деж лэжьыгъэ нэхъыфIу къыщалъытащ.

Чеченов С.С. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм щыщ Бозиев Малик илъэс 12 – 14 хъухэм я деж щытекIуащ.

«Еплъахэм нэхъ ягу ирихьар» дамыгъэ хэхар хуагъэфэщащ Шэджэм къалэм и СОШ №5-м щеджэ Беслъэней Имирлан.

Мэкъушэ Руслан текIуахэм яжриIащ здынэсам къыщымыувыIэу я ехъулIэныгъэхэм адэкIэ пащэну, зауж ьыну, я хъуэпсапIэхэм хуэкIуэну икIи къыхигъэщащ хабзэхъумэ органхэм я тхыдэм езыхэми хэлъхьэныгъэ хуащIыну зэращыгугъыр.

ЗэIущIэ гуапэм и кIэухыу министрым и къуэдзэр текIуа ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яIэну, я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр екIуу ягъэкIуэну. ЗэIущIэр иухащ зэщIыгъуу фэеплъ сурэтхэр зытрегъэхынымкIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэс.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Пэжыр зэи щIэхъумэгъуафIэкъым

Накъыгъэм и 21-м епха щыгъуэщIэж дауэдапщэхэр зэрызэфIэкIыу, адыгэхэм я тхыдэ гуузыр езыхэм къагупсысыжа гуэру, лъэпкъгъэкIуэди хэкухъуэжи щымыIэхха хуэдэу зыгъэIухэр утыкум къимылъадэу хъуркъым.

Я цIэ къипIуэнуи зыхуэмыфащэ, тхыдэ щIэныгъи зэхэщIыкIи зыбгъэдэмылъ а цIыху псынщIэхэм Кавказ зауэр адыгэхэр къуэкIыпIэ къэралхэм зэрахуэжыIэщIамрэ цIыхухэр къаубыдурэ гъэру ящэу зэрыщытамрэ къыхэкIауэ ягъэув. Псыжь щIыналъэм ис къэзакъхэр хуиту зэрамыгъэпсэум щхьэкIэ, дзэр къезыутIыпщэ императорым «Е, фыкъыдэзэуэн щывгъэти, фи Хэкум фыкъинэ, е Тыркум фыIэпхъуэ» яжриIа нэужь, хамэ къэралхэм фIыкIэ ящыгугъ адыгэхэм игъащIэ лъандэм щыпсэуа я щIыналъэр езыхэм я гукъыдэжкIэ ябгынауэщ зэрыжаIэр.

Дауи, Iуэхур и гуащIэгъуэм нэса нэужь, цIыхубэр къэзыгъэпцIэпахэри зыгъэщхьэрыуахэри къазэрыхэзэрыхьар гурыIуэгъуэщ. ИтIани, къытрагъэзэжурэ адыгэхэр зэрагъэкъуаншэ «пщылI щэныр» а лъэхъэнэм зекIуэ хабзэт. Уегупсысмэ, уащэмэ мынэхъыфIу пIэрэт, уаукIыпэ нэхърэ?! Акъылыншэхэм уедэуэным фIым ухуишэнукъым. Ауэ Iэгу гъэдэлъэныр къэгъэнауэ, дэ езым нэгъэсауэ тщIапхъэщ иужьрей илъэс зыбжанэр зэрекIуэкIари абы гукъыдэжрэ хэгъэзыхьыгъэу хэтари. Аращ хьэтыр зиIэ урыс тхакIуэхэм я гукъэкIыжхэм защIыхуэдгъазэр.

Венюков Михаил и IэщIагъэкIэ географт. Дзэм хэта зыплъыхьакIуэм и нэкIэ илъэгъуащ КъухьэпIэ Кавказым 1861-1863 гъэхэм щекIуэкIар. «Адыгэхэм я Хэкум къинэжыну Iэмал яIа?» упщIэми жэуап пыухыкIа ирет Венюковым и «Кавказ гукъэкIыжхэм».

Урысейм 1861 гъэм пщылI мэкъумэшыщIэхэр хуит щащIа къудейт. Ауэ яутIыпщыжа щхьэкIэ, абыхэм щIы иратыну иджыри ягу пыкIыртэкъым. Зи щхьэр къуажэм къыдэзыхыр къалэм шыгузехуэу фIэкIа щылэжьэфынутэкъым. А Iэмалым псори хуэщIатэкъыми, мэжалIэр куэд хъуауэ, пащтыхьыгъуэр хэкIыпIэ лъыхъуэрт. Венюковым зэрыжиIэмкIэ, хуит ящIыжагъащIэ мэкъумэшыщIэхэр хэхъуэшхуэкIэ къагъэгугъэурэ, Кавказым зэрагъэIэпхъуэнум хуагъэхьэзырын щIадзат адыгэхэр я Хэкум ирахуну унафэ къыщащта лъэхъэнэм. «Къэзакъыу зебгъэтхрэ Кавказым укIуэмэ, щIырэ ахъшэрэ къуатыныр пэж?» - жиIэу къеупщIа цIыхухэр зэрыщыIам щытопсэлъыхьыж Венюковыр и тхылъым.

«Адыгэхэм я натIэ хъунур яубзыхуакIэт: уэсыр зэрытекIыу, ахэр Щхьэгуащэ зэпрыкIын хуейт, игъащIэ лъандэрэ зытеса щIыхэр дэ дгъэIэпхъуэхэм къыхуагъанэу, - етх Венюковым. - Удзыпэр къызэрыхэжу, Воронеж, Тамбов, Рязань, Курск, Дон, къинэмыщI областхэм цIыху минхэр къикIынурэ, Псыжь Iуфэм къэIэпхъуэнут. Зыгуэр хащIыкIыу пIэрэт а Iуэхум бгырысхэм? СщIэркъым. Ауэ урыс станицэхэр щIэдухуэр, дауи, ахэр нэщIу къэдгъэнэн щхьэкIэтэкъым. Урыс быдапIэхэм ящыIужкIэ, къуажэщIэхэри зэраухуэр зылъагъу бгырысхэр арагъэнщ 1861 гъэм и шыщхьэуIум Кавказым къэкIуа Зи ЩIыхьыр Ин императорым хуэзэным щIыхуэерыщар».

Венюковым и щIэджыкIакIуэр къегъэгугъэ «куэд зыщымыгъуазэ гуэрым и гугъу имыщIу зэрыхуэмышэчынумкIэ». ИкIи иримыхьэкIыу жеIэ граф Евдокимов Николай нэмыщIамэ, адыгэхэм я Хэкум къинэну Iэмал зэраIар.

«Императорыр Кавказым къыщыкIуам щыгъуэ, ар занщIэу арэзы хъуат адыгэхэм я пашэхэр иригъэблэгъэну, ягу къеуэхэр къыжраIэн хуэдэу. А зэманым пащтыхь тетыгъуэм иджыри унафэ пыухыкIа къиштатэкъым бгырысхэр я щIым ирагъэIэпхъукIыным теухуауэ. Я щIыналъэм гъуэгухэр щыкIуэцIрашрэ быдапIэхэр ирагъэувэмэ, абдежым къыщыувыIэнкIи хъунут. 1871 гъэм къыдэкIа «Александр ЕтIуанэм унафэр зэрызэрихьа щIыкIэр» дэфтэрым къызэрыхэщымкIэ, а иужьрей хэкIыпIэрт нэхъ зызыхуагъэхьэзырыр. «Бгырысхэр я Хэкумрэ зыщагъэпщкIу щIыпIэхэмрэ ипхуным цIыхушхуэ зэрыхэкIуэдэнум, а Iуэхур езыр гущIэгъуншагъэу зэрыщытым къыхэкIыу, апхуэдэ унафэм утегушхуэну гугъущ... Зи ЩIыхьыр Иныр бгырыс лIыкIуэхэм щахуэзам щыгъуэ, я хабзэхэри, я мылъкури къахуигъэнэну, къалэн тралъхьэхэм дэчых щахуищIыну, дзэм папщIэ къыIаха ящIхэм я пIэкIэ нэхъыбэж яритыну къигъэгугъат, езыхэм гъэру яубыда урысхэмрэ я деж щтапIэ щихьэжахэмрэ къаутIыпщыж къудеймэ. Сыт хуэдэ жэуап-тIэ кърататар къагъэкIуа нэхъыжьхэм? ЕтIуанэ махуэм ахэр аргуэру лъэIуакIуэ къакIуэхэри, «икIэщIыпIэкIэ урысыдзэр Псыжьрэ Лабэ адрыщIкIэрэ ирашыжыну, я быдапIэхэр якъутэжыну къыпаубыдащ».

Мы дэфтэрым псори пэжу къыщыIуэтэжащ, ауэ къэхъуар зытхыжам имыщIэ гуэри хэлъащ а Iуэхум, сэ абы и гугъу сщIынущ. Императорыр бгырыс лIыкIуэхэм гуапэу яIущIа нэужь, Евдокимовыр егъэлеяуэ къэгузэващ бгырысхэм императорым яжриIар ядэу, Урысейм и «жьауэм щIэту» я Хэкум къинэжынкIэ. Ар абы къигъэхъункIэ Iэмал иIэтэкъым, зы бгырыс къэмынэу щIыналъэм ирихуну мурад ищIакIэти. Азиатхэр *(зи гугъу ищIыр адыгэхэрщ – Ч. М.)* зэрыжыIэзыфIэщыр зыщIэ Евдокимовым адыгэхэм я деж жэщым езым къыхуэжыIэщIэ полковник Абдурэхьман яхуигъэкIуащ. Императорым абыхэм зыхуей псори къахуищIэнущи, сыткIи елъэIу хъунущ, уеблэмэ урысыдзэр Лабэрэ Псыжьрэ зэпрашыжыну паубыдми ягъэ кIынукъым – апхуэдэ чэнджэщ яритын папщIэт щIигъэкIуар. Модрейхэри а бзаджагъэм къигъапцIэри, къащыщIар а щыуагъэм къриклIуащ. ЗэрысщIэжымкIэ, ар къыщыхъуар Фарс псы Iуфэрщ е абы пэгъунэгъуу, Царская станицэр здэщыт щIыпIэм дежщ».

Тепщэгъуэм и пщIэр сыт щыгъуи апхуэдизкIэ инщи, цIыхухэм я фIэщ пщIыну гугъущ пащтыхьым, е – мыбдежым император Александр ЕтIуанэм - гущIэгъуншагъэ зыхэлъ унафэ пхэнж ищIауэ. Арагъэнщ Венюковми къуаншагъэр генералым деж щынэхъыбэ хуэдэу щIытригъэчыныхьыр. Ауэ Евдокимовым и куэзыр щIэхуам ещхьу Iэба императорми акъыл нэхъыбэ къызыкъуихыну къытехуэрт.

Зэманым къыкIэрымыху бзэ зехьэкIэ

Лъэпкъ IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм (ФАДН) и нэIэ щIэту, Лъэпкъхэм я унэмрэ Яндексымрэ накъыгъэм и 20 - 22-хэм Мэзкуу щызэхашащ «ИнформацэмкIэ Iэмэпсымэхэмрэ Урысей лъэпкъыбзэхэмрэ» зэхуэсыр. Дызэрыт гъэр УФ-м и лъэпкъхэм я илъэсу зэрагъэувам хыхьэу къызэрагъэпэща III зэIущIэм ди анэдэлъхубзэм и адыгей къудамэри «Яндекс-зэдзэкIакIуэ» программэм зэрыхагъэхьар хэIущIыIу щащIащ.



«Дэ къыдгуроIуэ бзэр дэтхэнэ лъэпкъми зэрызицIыхуж Iэмэпсымэу зэрыщытыр, - жиIащ зэхуэсыр къыщызэIуихым агентствэм и унафэщI Баринов Игорь. – Хабзэри, лъэпкъ хьэлри, щэнхабзэри къызэтенэн папщIэ, ахэр умыхъумэу хъунукъым, сыту жыпIэмэ, бзэр зэрыкIуэду, абы епха псори глобализацэм и архъуанэм ирехьэри мэкIуэдыж. Бзэхэр къызэтенэн папщIэ, ар телефонхэми, смартфонхэми, интернет губгъуэми итын хуейщ. Иджы ещанэ зэIущIэр идогъэкIуэкIри, ди плъапIэхэм дызэрытеIэбэр нэрылъагъуэщ. Нобэ щыщIэдзауэ «Яндекс-зэдзэкIакIуэм» 14-нэ бзэ къыхохьэ, ар адыгеибзэрщ. Шэч къытесхьэркъым ди лэжьыгъэм къыпытщэмэ, абдежми дыкъызэрыщымыувыIэнум».

Къэрал унафэр зезыгъакIуэ къулыкъущIэхэр, компьютерым бзэр щызыгъэлажьэ IэщIагъэлI нэхъыфIхэр, къэухь IэрыщIым хуэIэзэхэр, урысей лъэпкъыбзэхэм елэжьхэр зэхуишэсат мы зэIущIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу, абы хэтащ «Яндекс-зэдзэкIакIуэм» къэбэрдей-шэрджэсыбзэр игъэзэгъэныр зэфIэзыгъэкIахэм яз, «Шэрджэс Ренессанс» зэгухьэныгъэм и унафэщI Жылэгъащтэ Хьэчим.

Сабийхэр нэхъ дэзыхьэх теплъэгъуэхэр анэдэлъхубзэкIэ зэдзэкIыным Адыгейм щелэжь «Черкесская медиаплатформа» гупым и унафэщI ЛIыхъукI Айдемыррэ Къэрал IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ Яндексым и унафэщI Болховитянов Александррэ мы зэхуэсым зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ.

Сыт фейдэуэ къыздихьынур «Яндекс-зэдзэкIакIуэ» программэм иджыри зы адыгэбзэ къудамэ къызэрыхэхъуам? Япэрауэ, абы сыт хуэдэбзэми ирипсалъэ хэхэс адыгэр и хэкубзэм пищIэжыфынущ. ЕтIуанэрауэ, езым хуэдэхэм къакIэрымыху бзэр нэхъ лъэ быдэкIэ мэув, ар интернетым щыщызекIуэм деж, ираплъ фэми зехъуэж. Адыгэбзэр зэманым зэрыдекIур, адрейхэм къагъэщхьэпэ Iэмалхэм ари зэрыхуэщIар къегъэлъагъуэ мы къэхъуами, ар сыт и лъэныкъуэкIи ипэкIэ ча хъуа лъэбакъуэщ.

ХъыбарыщIэр занщIэу хэIущIыIу ищIащ Адыгэ Республикэм и лIыщхьэ КъумпIыл Мурат. «Хъыбар гуапэ къысIэрыхьамкIэ сывдэгуэшэну сопIащIэ, - иритхащ и напэкIуэцIым Адыгэ Республикэм и лIыщхьэм. – Адыгэбзэр *(зи гугъу ищIыр Адыгейм щызекIуэ къудамэрщ – Ч. М.)* хабзэкIэ «Яндекс-зэдзэкIакIуэ» сервисым кърагъэщтащ. Ар нобэ къыщагъэнэIуащ Мэзкуу щекIуэкIа, «ИнформацэмкIэ Iэмэпсымэхэмрэ урысей лъэпкъыбзэхэмрэ» зэхуэсым. Иджы а программэр къэзыгъэщхьэпэхэм ди бзэкIэ ятха тхыгъэхэр бзи 100-м щIигъукIэ зэрадзэкIыфынущ, а бзэхэми кърахыурэ ди бзэм кърагъэзэгъэфынущ. ЗэдзэкIыгъэхэр къигъэсэбэпурэ, хэт хуейуэ щытми, адыгэбзэр зригъэщIэфынущ, ди тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр яджыфынущ, адыгэхэм я щэнхабзэ бейр зрагъэцIыхуфынущ».

Зэхуэсым видео IэмалкIэ зыпищIат Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и лIыщхьэ Меняйлэ Сергей. Осетиныбзэр «Яндекс-зэдзэкIакIуэм» япэу кърагъэщтахэм язщ. Ар игу къигъэкIыжу, Меняйлэ жиIащ: «Дэтхэнэ лъэпкъми лъабжьэ хуохъу и тхыдэр, лIэщIыгъуэ куэд къызэзынэкIа и хабзэхэр, лъэпкъ хьэлыр, дауэдапщэхэр. Ауэ а псори къызэщIэзыубыдэжыр бзэрщ. Бзэр пхъумэху, тхыдэри, хабзэри, лъэпкъ хьэлри уохъумэ. Осетием щыпсэухэм я мызакъуэу, осетиныбзэр дунейм тет псоми ялъэIэсу дымыщIмэ, ди бзэр хуэмурэ кIуэдыжынущ».

Болховитянов Александр зэрыжиIэмкIэ, Яндексым нобэкIэ Iэмал къует газетыжьхэм Урысейм и лъэпкъыбзэхэмкIэ укъеджэну. Иджы лъэпкъыбзэхэмкIэ къэухь IэрыщIыр къагъэщхьэпэу зэращIынум иужь итхэщ.

Гъэлъэгъуэныгъэ

И щапхъэщ хабзэм зэрыщIапIыкIам

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэIуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хэт гъуазджэмкIэ галереем къыщызэIуахащ Москва щыпсэу ди хэкуэгъу, сурэтыщI цIэрыIуэ Кахадэ (Чэгъэду) Зак и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

НАЛШЫК къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтым и унафэщI Шыхъуэстэн Оксанэ зэхыхьэр къыщызэIуихым жиIащ Зак нэхъапэIуэкIэ утыку щигъэлъэгъуа, адыгэ IуэрыIуатэр, щэнхабзэр, тхыдэр, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зи лъабжьэ и гупсысэхэмрэ еплъыкIэхэмрэ къызыхэщ и лэжьыгъэхэм иджыри къызэрыпищэр. Абы щIигъужащ зи Iуэху бгъэдыхьэкIэ, зыми емыщхь хъэтI, дуней лъагъукIэ зиIэж Зак и лэжьыгъэхэр нэгъуэщIхэм зэрахэмыгъуащэр.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хыхьэ Патерсон къалэм щыпсэу адыгэ унагъуэм къыщыхъуа ди хэкуэгъу художник Чэгъэду Зак анэдэлъхубзэр фIыуэ зэригъэшэрыуэмрэ лъэпкъ хабзэм зэрыщыгъуазэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Хэкужьым пэIэщIэми, хэхэс адыгэхэр лъэпкъ хабзэм зэрыщIапIыкIым ар и щапхъэщ. И ныбжьыр илъэс 16 щрикъум ар япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ икIи иужьрей илъэс 13-м Москва щопсэу. Зак дипломат IэщIагъэм хуеджащ икIи ирилэжьащ. СурэтыщIым и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр мызэ-мытIэу Москваи Налшыки щигъэлъэгъуащ. Къалащхьэм Иджырей гъуазджэхэмкIэ и музейм мы махуэхэм и лэжьыгъэхэм щыщ щагъэлъагъуэ.

- Зыщыщ лъэпкъкIи, зэрыт ныбжькIи, зыпэрыт IэщIагъэкIи зэмыщхь цIыху куэд и лэжьыгъэхэм зэрызэхуашэсыр насыпышхуэщ. Зак Налшык къызэрытхуеблэгъам, абы сурэтыщI гъуазджэм зэфIэкI ин зэрыщиIэм дрогушхуэ икIи дрогуфIэ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къыщалъхуа, Москва щыпсэу Зак ящыщщ зи щэнхабзэр кууэу зыхэзыщIэ, хэкужым ис куэдым ефIэкIыу адыгэбзэр зыукIа, абы игупсысэ, дуней псом и цIыху гъэщIэгъуэнхэм, - жиIащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, драматург, публицист, усакIуэ Къаныкъуэ Заринэ. – Си щхьэкIэ Зак и псэукIэм, и лэжьыгъэхэм сыкIэлъыплъыну сфIэгъэщIэгъуэнщ. Зытет гъуэгур мытыншыми, зэрыхуэзэфIэкIыу хигъахъуэ, гъуазджэ лъэмыжым гъуни нэзи зэримыIэр къигъэлъагъуэу, и лэжьыгъэхэм купщIэшхуэ яхилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Тхьэм адэкIи иригъэфIакIуэ!

- Зак и лэжьыгъэхэр зэфэзэщ хуэдэу къызэрыпщыхъум укъыщигъащтэ щыIэщ. КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым къикIуа тхыдэм, и псэукIэм теухуауэ нэм къимыубыд куэд къызэщIаубыдэ, дяпэкIэ къигъэщIыну нэгъунэ хыхьэу. Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэу! - къыхигъэщащ КъБР-м и цIыхубэ артист, балетмейстр Думэныщ Iэулэдин.

КъБР-м и цIыхубэ художник, литографиемкIэ IэпщIэлъапщIэ Пащты Алим къыхигъэщащ, гъуазджэр IэщIагъэ нэхъ гугъухэм ящыщми, еш имыщIэу абы хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыр ехъулIэныгъэ иным зэрыхуэкIуэр, Зак сурэтыщI гъуазджэм и жанр, Iэмал нэхъ гугъухэм зрипщытами, ар фIыуэ къызэрехъулIэр, и лэжьыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ Налшык зэрыщигъэлъагъуэм папщIэ фIыщIэ зэрыхуэфащэр.

Зак зэрыжиIэмкIэ, и лэжьыгъэхэм къыщегъэлъагъуэ, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, дэтхэнэ зы цIыхуми пэгъунэгъу Iуэхугъуэхэр. Иджырей лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, абы щыдолъагъу адыгэм ди гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха IуэрыIуатэм и лIыхъужьхэр, Iэдииху и чэщанэр, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр, адыгэшыр, уанэр, мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я дамыгъэ шабзищыр, вагъуэ пщыкIутIыр, нэгъуэщIхэри.

- Си лэжьыгъэхэм я плъыфэм фIыцIэр ебэкIыу къыпщыхъуми, ар нэкъыфIэщI къудейщ. Зэ еплъыгъуэкIэ абыхэм щыгъуэ, блэкIам и гузэвэгъуэ яхэлъу къыпщыхъуми, нэхъыщхьэу къэзгъэсэбэпыр илъэси 150-кIэ узэIэбэкIыжмэ, си лъэпкъэгъухэр щыпсэуа Кавказ Ищхъэрэм и щIырщ. Гу зэрылъыфтащи, сыкъызыхэкIам, си лъабжьэм, ди нобэм, къэкIуэнум гулъытэ ин хузощI, - жиIащ Зак.

Абы фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэм зыкъэрезыгъэхьэлIахэм, псалъэ гуапэ къыхуэжызыIахэм, выставкэр къызэрагъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуа и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ сурэтыщI Мазло Эдуард, Къанкъул Мурат, нэгъуэщIхэри. Гъэлъэгъуэныгъэр дызэрыт мазэм и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ, гупыж зыщIэхэр феплъыну Iэмал фиIэщ. Мыри дыщIэгъунут: Зак и лэжьыгъэхэм ящыщ Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекIуапIэм дежи щагъэуващ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.

Узолъагъу, узоцIыху, си фIэщ уохъу

ЩIы Хъурейм зыщупльыхьмэ, нэхъ зызыужьауэ къалъытэ лъэпкъхэр нэрылъагъуу утыкум итщ. Ауэ щыхъукIэ, зи цIэ дымыщIэххэхэм, уеблэмэ зи бзэр игъащIэм зэхэдмыхахэм я псэукIэми хэзу хэтщ щапхъэ зыхуэпщIыфын гъащIэ зыхэщIэкIэ.

Африкэм бзэ 2000-м щIигъу щызокIуэ, къэрал 62-рэ итщ, абыхэм ящыщу я щхьэ хуитыр 54-рэщ. Абыхэм язщ «зулу» е «зулус» цIэр зезыхьэр. Зи бжыгъэр мелуан 16-м нэблагъэ езы лъэпкъыр зэрызэджэж «изулу» псалъэр «уафэ» мыхьэнэм къытекIауэ хуагъэфащэ. Ипщэ Африкэ республикэм (ЮАР) хыхьэ Квазу-Натал щIыналъэрщ зулусхэр нэхъыбэу щыпсэур. «Свази», «метабеле», «нгонти» - апхуэдэ фIэщыгъэ гъэщIэгъуэнхэр яIэщ зулусхэм я адрей къудамэхэм. Нобэ зи гугъу тщIынур мы лъэпкъым и фIэхъус зэIэпыхыкIэрщ.

«Савубонэ», - жеIэ зулусым, зыгуэрым сэлам щрихкIэ. «Шикобэ», - къыпедзыж жэуап тыныр къызылъысым. «Сэ узолъагъу» - аращ кърагъэкIыр «савубонэ» фIэхъусым. КъикI дыдэм и гугъу пщIымэ: «Сэ уэ узолъагъу, мыхьэнэшхуэ узот, уасэ зэст цIыхуу ущытщ».

«ФIэхъус, дауэ ущыт?» - апхуэдэщ бзэхэм я нэхъыбэм щызекIуэ сэлам зэIэпыхыкIэр. А упщIэм и жэуапым зыри пэплъэркъым, уи фIэщу епты ну ухуежьэми, емыкIу укъащIынущ. ФIэхъус упщIэм техуа гушыIи щыIэщ уеблэмэ. «Хэт гутехуэгъуейр?» - жаIэри щIэупщIати: «Дауэ ущыт жыпIэу уеупщIа нэужь, зэрыщыт дыдэр къыбжезыIэр», - жаIащ.

«Савубонэ» жыIэгъуэр уи пащхьэм ит цIыхум зэрызытебухуапхъэ Iэдэбым и зы Iыхьэщ. Абы къегъэлъагъуэ зулусхэр гумащIэу зэрызэдекIуэкIыр. Мы псалъэм и къарур апхуэдизкIэ инщи, щыуами, бэлэрыгъами, лъэпэрэпами ар зэхихамэ, цIыхубэм и щIыб къахуигъэзэнкIэ мышынэжу, игу-и щхьэ зэтоувэж. ИпэжыпIэкIи аракъэ цIыху узыншэ хъужыр: адрейхэм япэIэщIэу зызымылъытэжыр, цIыхубэ гъащIэм езым и IыхьэфI хэзылъхьэну хэтыр.

Мы псалъэр дуней хъурейм цIэрыIуэ щызыщIар профессор Сэнг Питерщ. Зулусхэм я псэукIэр иджри, езыхэр зэрызэпсалъэри, ящымыщхэм зэрахущытри зэхигъэкIауэ щытащ абы. Профессорыр къигъэуIэбжьат зыужьыныгъэм пэIэщIэу къалъытэ мы лъэпкъыжьым цIыхур псэм и узыфэ хьэлъэхэм зэрыщахъумэфымрэ Европэм щыпсэухэр зэрылIыкI щытыкIэхэм тыншу къызэрырашыжымрэ.

Зулус лъэпкъыр Африкэм нэхъ зыщызыужьахэм язщ. Зулусхэм я пащтыхьыгъуэкIэ йоджэ Квазу-Натал щIыналъэм. Африкэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм хуэзэ я щIыпIэр Инд хышхуэм къеухъуреихь. Квазулу районым и гъусэу ЮАР-м хагъэхьэн ипэ, зулусхэр щыпсэу Натал щIыналъэм щыпсэухэм XIX лIэщIыгъуэм зыкъаIэтри, Инджылызым езэуауэ щытащ. Абы иужькIэ зэгъунэгъу лъэпкъитIым республикэ зэгуэт къыхащIыкIащ, Квазулу-Натал и цIэу.

Я щэнхабзэри, гъащIэм зэрыбгъэдыхьэ гупсысэкIэри, дуней тетыкIэри яхъумэжыфащ зулусхэм. «Савубонэ» псалъэм и мыхьэнэм нэхъри зебгъэубгъумэ, къыпхуихынур нэхъыбэжщ: «Си гулъытэр зэрыщыту уэ пхуэгъэзащ, укъызгуроIуэ, узыхуэныкъуэр зыхэсщIэну, узыщышынэр къэсщIэну хуит сыкъэщI. Сэ усщыщым хуэдэу, узэрыщытым хуэдэу укъызощтэ, узиIыхьэщ».

Зулусхэм я «савубонэ»-м ди нэр фIэзыгъэнар фэри къывгурыIуа къыщIэкIынщ. Адыгэхэм «фIыуэ узолъагъу» зэрыжаIэм зыгуэркIэ идогъэщхь ар. ГушыIэ защIу, адыгэхэр лъэпкъ пхъашэу, зэхуэIэфIын ямыхьэлу, лъагъуныгъэ псалъэкIэ зэдэмыгуэшэфыххэ хуэдэу жаIэурэ, куэдым «фIыуэ узолъагъу» псалъэм и мыхьэнэр нэм и плъэкIэм хуахьын щIадзащ. Ауэ ипэжыпIэкIэ «фIыуэ лъагъун» жиIэм къикIынкIи хъунур уи пащхьэ ит цIыхум нэфIкIэ узэреплъырщ, фIы фIэкIа зэрыхуумыгъэфащэрщ, и дагъуэ къыумылъыхъуэу, узэрыхуэарэзыр зэрызыхебгъащIэрщ. ФIыуэ ялъагъум щышынэркъым. ФэрыщIыгъэншэу, къагъэпудыным хуэмысакъыу, я пащхьэ итщ. ЦIыхур лъагъуным къикIыр иджырей психологхэм къагъэщхьэпэрей «эмпатие», «гудзакъэ» псалъэм хуэпхьыфынущ. Абы уригъусэну пфIэфIыныр, хьэмэ езыр къыбдалъагъуну зыхуэбгъэфэщэныр арагъэнкъым мы псалъэм къиубыд тIэкIур. ЦIыхур фIыуэ плъагъумэ, абы и щытыкIэри, ар зэгупсысри, зызыхуиунэтIри къыбгурыIуэну, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а цIыхум зытебухуэну, и дуней еплъыкIэр къабыл пщIыну тэмакъкIыхьагъ пхурокъу. Армыраи «савубонэ»-ми къурагъэкIыр?!

Зулусхэм а псалъэр жаIэ къудеймэ, Iуэхур зэфIэкIауэ къалъытэркъым. Ар зыжепIэм и нэм гуапэу ущIэплъэн хуейщ, зыхищIэр зыхэпщIэу, къыбжиIэнкIи хъуну псоми ухуэбэшэчу. Зулусхэм я фIэщ мэхъу цIыхум уемыIусэу, нэ къудейкIэ IэплIэ хуэпщIыфыну, абы и дахагъми, адрейхэм зэремыщхьми, уэ езым уэщхьынкIи зэрыхъунуми гу лъыптэфыну. ЦIыхугъэ хъужри аракъэ?! Апхуэдэу узэбгъэдэтмэ, хэкIыпIэ пхэнж къозыгъэлъыхъуэ Iуэху зэхуэмыхъухэми нэгъуэщIыныкIэ уоплъыж. «Савубонэ»-м и щэху нэхъыщхьэращи, ар зэIэпызыха цIыхуитIым я зэхуакум дзыхь къыдоувэ.

«ЦIыхум уебзэджэкIыну, абы зыхуэбгъэгусэну хуит узыщI щхьэусыгъуэхэр къыумылъыхъуэу, ар фIыуэ щIэплъагъупхъэхэр, фIыщIэ щIыхуэпщIыпхъэхэр къэлъыхъуэ», - нэхъ дахэжу къеIуатэ а гупсысэр Тэбризий Шэмс.

Антрополог Роско Джон «лъэпкъ къыкIэрыхуахэр» игъэсэну, ахэр чыристаныгъэм къыхуриджэну и мураду, яхыхьауэ щытащ зулусхэм. Британием и лъабжьэ щIигъэувахэм ятIэ ахэр а зэманым. Илъэс 25-кIэ ядэпсэуащ Роско мы лъэпкъым, апщIондэху езым и нэгум щIэкIахэри итхыжащ.

Зэгуэрым щIэныгъэлIыр къуажэ дэхуэха гуэрым кIуэри, сабий гуп зэхуишэсащ. Жыг лъабжьэм пхъэщхьэмыщхьэ изу зэрылъ матэ щIигъэувэри, «хэт япэ нэсми, абы естынущ» яжриIащ. «Зы, тIу, щы!» - жиIэу, сабийхэр зэрыщIигъапхъуэу, мо гупыр IэпэкIэ зэрыубыдхэри, псори зэгъусэу ежэлIащ жыгымрэ абы и лъабжьэм щIэт матэмрэ. Цивилизацэм и лIыкIуэу зыкъызыщыхъуж лIым илъэгъуар зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым. Арати, «Сыт зэгъусэу фыщIэжар?» - жиIэри яхэупщIыхьащ. Жэуапу кърата «Обонато» псалъэм къикIыр къыгурагъэIуэфакъым. «Дэ псори дызэдопсэу», - апхуэдэ гуэрущ ар зэрызэбдзэкIыфынур. Сэ сызыгъэпсэур уэри узэрыпсэурщ. Зыри и закъуэ насыпыфIэ хъуфынукъым, абы и унагъуэр, и къуажэр, и благъэхэр имыгъусэмэ. А гупсысэр щIэлъу къыщIэкIащ мо мыхьэнэншафэ зраплъ лъэпкъым и псэукIэ хабзэм.

Африкэ Ипщэм щыщ «бамембэ» лъэпкъым цIыхубэм екъуэншэкIахэр гъэщIэгъуэну щауцний. Зыгуэрым имыщIапхъэ ищIамэ, цIыкIуи ини зэхуосри, ягъэкъуаншэр къаухъуреихь. ЯгъэукIытэну, ягъэпудыну загъэхьэзыру аракъым. Къуэншар утыкум итыху, дэтхэнэ зыми абы фIыуэ дилъэгъуахэр къеIуэтэж. Махуэ зыбжанэкIэ щекIуэкI щыIэщ мы дауэдапщэр. ИкIэм-икIэжым, цIыхур къэзыухъуреихьахэр зэхокIуэтыжри, чэзу-чэзуурэ «щIэпхъаджащIэм» IэплIэ хуащI. ЦIыхум и Iейр кIэрахауэ, щIэрыщIэу псэуну «къагъэщIэрэщIэжа» хуэдэу араща, езыри афIэкIа Iейм хуеплъэкIыжынукъым.

Дауи, псалъэ дахэхэр мащIэкъым. Махуэ къэс къыбжьэдэкIхэми яхэплъэгъуэфынущ мыхьэнэ куурэ гур хэзыгъахъуэ гуапагъэрэ. А мыхьэнэхэм я купщIэ пэжыр зэрыдутIыпщыр арагъэнщ ди бзэ зехьэкIэм и дагъуэ нэхъыщхьэр. Дызэхъурджэуэныр щхьэ нэхъ тыншу къыдэхъулIэу пIэрэ, зым адрейр зэрызэхэтщIыкIым и нэщэнэ гумащIэбзэм нэхърэ? Е абыхэм я IэфIыр димыфIэщу куэдыIуэрэ зэрыжытIэм щIаха? Хьэмэ «савубонэ» зэрыжаIэм хуэдизрэ «фIыуэ узолъагъу» тхужымыIэрэ?

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Насыпым и лъахэ

● Щэнхабзэ

Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы ирагъэблэгъат филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ литературэмкIэ и секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт ХьэкIуащэ Мадинэ. ЗэIущIэр теухуат иджыблагъэ къыдэкIа и романыщIэм. «Страна Насып» - аращ фIищар Мадинэ и IэдакъэщIэкIым.

ХЬЭКIУАЩЭМ и щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр: «Литературные архетипы в художественных произведениях адыгских писателей», «Мифоэпические образы и мотивы в фольклоре, литературе и искусстве» монографиехэр, и публицистикэ IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «В поисках утраченного смысла» тхылъыр. Псори зэхэту щIэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу, монографиеу 7 итхащ абы. Ди къэралым къыщыдэкI журнал цIэрыIуэхэм, «Вопросы литературы» жыхуиIэри яхэту, мызэ-мытIэу къытехуащ и тхыгъэхэр, Урысейм къыщыдэкI, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хухэха антологиехэм ихуащ, бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым 2025 гъэм щагъэуващ Мадинэ и адэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм теухуауэ итха «Неотосланные письма» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр.

Мадинэ и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къыдэкIуэу икIи тхакIуэщ. 2009 гъэм къыдэкIащ абы и «Дорога домой» повестыр. А гъэ дыдэм ар къытехуауэ щытащ «Дружба народов» журналым. Абы гуапэу тетхыхьауэ щытащ ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, еджа цIыхухэми ягу дыхьат. Иджы ХьэкIуащэм ди пащхьэ кърилъхьащ и тхыгъэщIэ - «Страна Насып» зыфIища романыр. Абыи щIэджыкIакIуэхэр щыIущIащ «Дружба народов» журналым и напэкIуэцIхэм. ТхакIуэм, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, мы и IэдакъэщIэкIми лъабжьэ хуищIар тхыдэ фэеплъщ, лъэпкъым и щхьэ кърикIуа Iуэхущ, щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэрщ. Ахэр Мадинэ къытхузэIуех адыгэ унагъуэшхуэм, абы исхэр гъащIэм и гугъехьу зыIуухэм, зи адэр зыфIэкIуэда ныбжьыщIэр балигъ зэрыхъу щIыкIэм дыщигъэгъуазэкIэрэ. Романым еджэну Iэмал зиIахэм ар гунэс ящыхъуащ, нобэрей гъащIэм, гъэсэныгъэм, цIыху зэхущытыкIэм ухэзыгъаплъэ, урысыбзэ къулейкIэ тха IэдакъэщIэкIщ. Мадинэ и тхыгъэхэр къыбоцIыху ящIэлъ философие гупсысэ куумкIэ, цIыхум и псэкупсэ къулеигъэм хуищI гулъытэшхуэмкIэ.

ЦIыхушхуэ къыщызэхуэсат библиотекэм и пэшым. Абыхэм я нэхъыбэр хуейт къэпсэлъэну, Мадинэ и гуащIэм и гугъу зыщIыфынур, и цIыху щIыкIэм, и IэдакъэщIэкIхэм ящIэлъ гупсысэм тепсэлъыхьыфынур куэдти. ХьэкIуащэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм къызэхуэсахэр хагъэгъуэза иужь, романым тепсэлъыхьын щIадзащ. Зэпкърыхауэ, купщIафIэу тхыгъэм и гугъу зыщIахэм ящыщ зыщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и Гуманитар институтым Хэку, дунейпсо литературэхэмкIэ и кафедрэм и профессор Бронская Людмилэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Джэгугъуэ къэс зыгуэр ягъэIэпхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэр гум къинэну къыщIэкIынщ джэгугъуэ щIагъуэ къэмынэу зэIущIэ гуэрхэр е зыбжанэ щагъэIэпхъуэу. Абы щыгъуэми зэпеуэм хэтыр гуп пщIыкIутIщ зэрыхъур.

ЗЭРЫФЩIЭЖЩИ, тхьэмахуэ ипэкIэ щыIа джэгугъуэм хыхьэ зэIущIи 6-м ящыщу 3-р ягъэIэпхъуащ. Иужьрейми апхуэдэу зы ящIащ. Щхьэусыгъуэхэр, дауи, зэмылIэужьыгъуэщ икIи фIэкIыпIэншэу къыщIэкIынщ. АрщхьэкIэ апхуэдиз гъэIэпхъуэм зэпеуэр фаджэ ещI икIи бэнэныгъэр ягъэкIащхъэ. Къапщтэмэ, дауэ къызэрыпщIэнур псори хэзыгъэщIэ «Тэрчым» хэт хьэрхуэрэгъу нэс хуэхъунуми, абы къыкIэлъеIэ «Логоваз»-м зэIущIибл иригъэкIуэкIарэ апхуэдиз дыдэ очко фIэкIа зыфIэмыкIуэда «Спартак-Д»-р зэрыджэгуар тхуэмэ?! Бабугент и командэр турнир таблицэм иджыпсту щыетIуанэщ, налшыкдэсхэр щыетхуанэщ. Хьэлэмэтращи, джэгугъуэ псоми хэта «Черкес»-р, «7 Вершин-Шалушка»-р, «Бедик»-р иужь дыдэ увыпIэхэм щытщ.

Иужьу щыIа зэIущIитхум къахэгъэщхьэхукIыпхъэщ Балъкъ Iуфэ щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэ гуащIэр. Иджыри къэс зэ фIэкIа къыхамыгъэщIа «Малка»-м къригъэблэгъат апхуэдэ дыдэу щIэзыдза «Логоваз»-р. КъищынэмыщIауэ, абыхэм я пашэ Умар Азэмэтрэ Мокаев Тауланрэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм икъукIэ щызэныкъуэкъурт икIи хьэлэмэтт а тIум я зэныкъуэкъуныгъэм укIэлъыплъыну.

Егъуанэ дакъикъэм Уэзрокъуэ Азрэт-Алий балъкъдэсхэр япэ иригъэщащ. Арщхьэкiэ Бабугент къикIахэр къыдихыжащ Мокаев Таулан. 25-нэ дакъикъэм абы япэщIыкIэ бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ, итIанэ, загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ, ардыдэм етIуанэ топри хэгъэрейхэм яхудигъэкIри, «Логоваз»-м текIуэныгъэр къыхуихьащ. КъищынэмыщIауэ, «Малка»-м и пашэ Умар Азэмэти тежыжащ. Иджы, зэхьэзэхуэ зэрыщIидзэрэ я хьэрхуэрэгъухэм топи 10 яхудигъэкIауэ Мокаевым гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиIыгъщ. Умар Азэмэт мы зэIущIэм къыщыхэжаныкIакъым икIи зыкIэ абы къыкIэрыху хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпиону зэрыщытыр псоми ягу къигъэкIыжащ Алътуд и «Искра»-м. Яныкъуей щыIэу абы хэгъэрейхэм я гъуэм топ 11 (!) дигъэкIащ.

Гу лъытапхъэщ иужь джэгугъуэм щыIа зэIущIитхум ящыщу плIыр хьэщIэхэм зэрахьар. Зи гугъу тщIахэм къищынэмыщIауэ, «Тэрчымрэ» «Урыхумрэ» бжыгъэшхуэкIэ Шэджэмрэ Щхьэлыкъуэрэ щытекIуащ. Хэгъэрейхэм я щIыхьыр зыхъумэжыфар «Ислъэмеймщ» и закъуэщ. Аргудан къикIа «Бедик»-м и гъуэм абы жэуапыншэу топиплI дигъэкIащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэ псоми: **«Малка»** (Малкэ) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **1:2**, **«Яникой-1961»** (Яныкъуей) - **«Искра»** (Алътуд) - **2:11**, **«Черкес»** (Шэджэм) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:6**, **«7 Вершин-Шалушка»** (Щхьэлыкъуэ) - **«Урыху»** (Урыху) - **4:7**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Бедик»** (Аргудан) - **4:0**.

«Спартак-Д» (Налшык) - «Псыкуэд-Марвил» зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *мэкъуауэгъуэм и 6-м* - «Псыкуэд-Марвил» - «Малка»; *мэкъуауэгъуэм и 7-м* - «Логоваз» - «Яникой-1961», «Тэрч» - «7 Вершин-Шалушка», «Искра» - «Черкес» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Тэрч»**	**6**	**6**	**0**	**0**	**29-4**	**18**
2.	**«Логоваз»**	**7**	**6**	**0**	**1**	**20-10**	**18**
3.	**«Урыху»**	**7**	**5**	**0**	**2**	**26-16**	**15**
4.	«Ислъэмей»	7	4	1	2	18-7	13
5.	«Спартак-Д»	5	4	0	1	21-5	12
6.	«Малка»	6	4	0	2	21-8	12
7.	«Яникой-1961»	7	3	1	3	15-29	10
8.	«Искра»	6	3	0	3	24-13	9
9.	«Псыкуэд-Марвил»	7	2	1	4	15-29	7
10.	«Бедик»	8	1	1	6	11-33	4
11.	**«7 Вершин-Шалушка»**	**8**	**0**	**2**	**6**	**17-37**	**2**
12.	**«Черкес»**	**8**	**0**	**0**	**8**	**8-34**	**0**

● Шы спорт

Урысейм и Кубокым щIобэн

Бахъсэн къалэм щыIэ «Джэдыкъуэ Плъыжь» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысейм и Кубокыр 2026 гъэм къэхьыным хуэунэтIауэ шууейхэм я зэхьэзэхуэ. Гъуэгуанэ кIыхь зэпычыным теухуа зэпеуэм хэтащ ди къэралым и щIыналъэ куэдым я спортсмену 108-рэ.

ХЭГЪЭРЕЙХЭМ нэмыщI, я зэфIэкIхэр абы щагъэлъэгъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Адыгейм, Шэшэным, Къырымым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Санкт-Петербург, Мэзкуу къалэхэм, Мэзкуу, Ленинград, Пензэ областхэм, Краснодар, Ставрополь щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм.

Зэпача гъуэгуанэхэм я кIыхьагъым елъытауэ шууейхэр зыхэта шыгъажэхэм щытекIуащ Тау Аслъэнбэч («Наоми Ездэч» шым тесу, КъБР), Осиповэ Викторие («Акуна-Матата», Ставрополь край), Боттаев Темырлан («Найт», Пензэ область), Тембот Динэ («Гавазе ибн Исто», Адыгей), Къалэ Мухьэмэд («Колорадо», КъБР), Годзоевэ Даринэ («Бадр», КъБР), Тембот Андзор («Лидер», Адыгей), Ныр МуIэед («Светэ», КъБР), Кузинэ Анастасие («Герат-Сэр», Мэзкуу къалэ), Мэлбахъуэ Мухьэмэд («Нур», КъБР).

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр, фэеплъхэр, ахъшэ саугъэтхэр иратащ. Шыгъажэм щагъэдэджэгуащ псори зэхэту сом зы мелуан.

Шуузйхэм я зэпеуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэмрэ Бахъсэн къалэ администрацэмрэ, Урысей спорт фондыр къадэIэпыкъуу.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

ЗэхуэсыпIэхэр къагъэщIэрэщIэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэмрэ «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал проектымрэ къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ КъБР-м цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэхэр иужьрей илъэсхэм жыджэру къагъэщIэрэщIэж е щIэхэр щаухуэ.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, мы гъэм ирагъэжьа 6-нэ урысейпсо интернет IэIэтым ди республикэм и муниципалитет 11-м зэIузэпэщ ирагъэщIыну я щIыпIэу 26-рэ къыщагъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщу щырыщ къалъос Налшык, Шэджэм, Прохладнэ, Май къалэхэм, адрейхэм псоми - тIурытI. НобэкIэ IэIэтым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху 40000-м щIигъу, Налшык къалэм щыпсэухэм ящыщу мини 9-р яхэту.

Республикэм и къалащхьэм зэIузэпэщ щрагъэщIыну къагъэлъэгъуа щIыпIищым япэ ищащ Ватутиным и цIэр зезыхьэ уэрамым зыгъэпсэхупIэ къыщызэгъэпэщыным теухуа пэхуэщIэр. Абы щхьэкIэ Iэхэр яIэтащ цIыху 4700-м нэблагъэм. 115-нэ Кавказ шуудзэм и цIэр зезыхьэ паркымрэ Кировымрэ Кулиевымрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр щызэхыхьэм деж иIэ апхуэдэ жыг хадэ цIыкIумрэ щхьэкIэ зэхуэдэу Iэ яIэтащ къалэдэс 2800-м.

Урысей интернет IэIэтыр мэкъуауэгъуэм и 12 пщIондэ екIуэкIынущ икIи дэтхэнэ зыми Iэмал иIэщ зэIузэпэщ ирагъэщIыну, япэ игъэщыпхъэу къалъытэ щIыпIэхэр къагъэлъэгъуэну.

Апхуэдэуи, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, «Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2019 - 2025 гъэхэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 20 зэIузэпэщ щащIащ.

Псалъэм къыдэкIуэу, Каменномост къуажэм Лыхьым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет жыг хадэ цIыкIур нэгъабэ зыхуей хуагъэзащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну къащыпэщылъщ Приречнэ жылэм и Къэбэрдей уэрамымрэ Сэрмакъ къуажэм и Почтовэ уэрамымрэ хиубыдэ жыг хадэ цIыкIухэми.

Мыгъэрей урысейпсо интернет IэIэтым къыщагъэлъэгъуащ Дзэлыкъуэкъуажэм и ЗыгъэпсэхупIэ аллеемрэ Зэныбжьэгъугъэм и паркымрэ.

Аруан щIыналъэм щыщу урысейпсо IэIэтым Нарткъалэ къыщигъэлъэгъуащ Гъурфым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №26-м деж иджырей зыгъэпсэхупIэ зэпэщ щрагъэухуэну, Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №№85, 87-хэм я инфраструктурэр къагъэщIэрэщIэжыну.

Лэжьыгъэхэм щыпэрыхьэнур 2027 гъэрщ.

ЩЭУЕЙ Былэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ГъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьащ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ щIыпIэм щыщ хьэрычэтыщIэм зэрихьэ хабзэншагъэр. Абы къэрал мылъкур гъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьащ.

ПОЛИЦЕЙХЭМ зэраубзыхуамкIэ, илъэс 47-рэ зи ныбжь цIыхухъум, мэкъумэш хозяйствэ фирмэхэм я зым, мэкъумэш-фермер хозяйствэм я унафэщIу, 2025 гъэм и мэкъуауэгъуэм IуэхущIапIитIми къабгъэдэкIыу субсидие къыдихыну зыхуэфащэ Iэнатlэм захуигъэзащ. Iуэхур зэхьэлIа министерствэм Iэригъэхьащ мэл гуартэ зэригъэхъумкIэ тхылъ нэпцIхэр.

Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм а лъэIур диIыгъри, цIыхухъум и мэкъумэш фермэм зригъэужьын папщIэ сом мин 600, етIуанэ хозяйствэм щхьэкIи сом мин 900-м щIигъу къратащ. ЗэрызэхагъэкIамкIэ, хьэрычэтыщIэм къыIэрыхьа бюджет мылъкур зыхуэгъэпсауэ жыхуиIар мыхъуу, езым и мурадхэм тригъэкIуэдащ.

Налшык УМВД-м и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэхухэр къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

ПцIым фIым ухуишэркъым

Илъэс 47-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзым кредитым ехьэлIа гъэпцIагъэ илэжьауэ шэч зэрыхуащIым теухуа Iуэхур КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм зэхегъэкI.

ЗЭКIЭ наIуэ къащIахэм къызэрыхэщымкIэ, цIыхубзым мобильнэ гуэдзэнымкIэ банкым хуигъэхьащ кредит къратыным ехьэлIа лъэIу, автомашинэ къищэхун хуэдэу. А дэфтэрым гъусэ хуищIащ транспортыр щэн-къэщэхуным тещIыхьа зэгурыIуэныгъэ нэпцIыр.

ЛъэIум хэплъэри, финанс IуэхущIапIэм диIыгъащ цIыхубзым сом мелуан 1,5-рэ щIыхуэу иратыныр. Ахъшэр къыIэрыхьэри, шэч зыхуащIым езыр зыхуейм тригъэкIуэдащ, щIыхуэри банкым иритыжакъым.

Налшык УМВД-м и ОП №1-м уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ .

Зыгъэхьэзырар

БАХЪСЭН Ланэщ.

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

ГъэщIэгъуэну, нэгузыужьу, гукъинэжу

Илъс къэси хуэдэу, ди республикэм мы гъэми Iэтауэ щагъэлъэпIащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр. Абы теухуа гуфIэгъуэ, нэгузыужь Iуэхугъуэхэр куэду къыщызэрагъэпэщащ щIыналъэм хиубыдэ щIыпIэхэм, къалэхэм. Налшык и закъуэ щекIуэкIащ махуэщIыр зыхуэгъэпса цIыкIухэм яхуэгъэзауэ 20-м нэс.

ЦIЫХУШХУЭ щызэхуэсат ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм. Сыхьэтыр 10-м щIидзэри, абы сабийхэм папщIэ пщIэншэу лэжьэн щыщIадзащ паркым и аттракционхэм. Налшыки республикэм и нэгъуэщI жылэхэми ящыщ ныбжьыщIэ щэ бжыгъэхэм апхуэдэ IэмалыфIыр къагъэсэбэпу, аттракционым и хъыринэ зэмылIэужьыгъуэхэм исащ, утыкухэм щыджэгуащ, къалэм и зоопаркым ис псэущхьэ хьэлэмэтхэр зрагъэлъэгъуащ..

Махуэшхуэм кърихьэлIахэм папщIэ паркми Налшык и хьэблэ зэмылIэжьыгъуэхэми концерт зыбжанэ щекIуэкIащ. Апхуэдэхэт, ГъуазджэмкIэ сабий школ №1-м, «Эрудит» сабий творчествэмкIэ центрым, Щэнхабзэ

зыужьыныгъэмкIэ IэнатIэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зэрихьэу къалащхьэм дэт гъуазджэмкIэ еджапIэм, «Зодчий» сабий архитектурэмкIэ школым, «Иоканто» уэрэдымкIэ студием, нэгъуэщI творческэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэмрэ гъэсэнхэмрэ къызэрагъэпэща зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр, театр теплъэгъуэ кIэщIхэр.

А махуэм гулъытэ хэха зыгъуэтахэм ящыщщ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр. Апхуэдэ ныбжьыщIэ 200-м щIигъум Налшык и Дэшхуей хадэм щахуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэм и щхьэгъусэ КIуэкIуэ Лианэрэ сабий омбудсмен Бэдракъ Iэминэрэ. А бзылъхугъэ гу щабэхэм сабийхэм псалъэ дахэ куэд жраIащ, гъащIэм сыт хуэдэ лъэпощхьэпо щыхуэзэми, дапщэщи къэралыр, жылагъуэр щIэгъэкъуэн къазэрыхуэхъунур къыхагъэщу. КIуэкIуэ Лианэ хэхауэ ехъуэхъуащ цIыкIухэм я адэ-анэхэм, шыIэныгъэ, узыншагъэ, ехъулIэныгъэ яIэну зэригуапэр жиIэу.

ГуфIэгъуэ махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэми. Абы и гупэм къит утыкушхуэр хуэбгъадэ хъунут зи нэгум нур кърих сабийхэр щыкуэд, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ псоми къезыт макъамэ дахэхэр щытепщэ тенджызышхуэм. Мыбдеж ипэжыпIэкIэ щынэрылъагъут сабиигъуэр гъащIэм щыщ Iыхьэхэм щыщу телъыджэхэмкIэ гъэнщIа, фIэщхъуныгъэ къызэрымыкIуэхэм къару щаIэ, дэтхэнэ махуэми щIэ гуэр къызыдэкIуэ лъэхъэнэ хьэлэмэту, гъэщIэгъуэну зэрыщытыр.

Сабийхэм гукъинэж ящыхъуащ зэхыхьэ куэдыр зыгъэдэха, таурыхъ цIэрыIуэхэм «къыхэкIа» лIыхъужьхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэри. Ахэр щыIащ сабийхэр щагъасэ социальнэ IуэхущIапIэ псоми.

Махуэшхуэм епха гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм пщыхьэщхьэм щыпащащ ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум. Абдежи щекIуэкIащ балигъи сабии куэду къызрихьэлIа щэнхабзэ пшыхь дахэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1132
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.